




iPad: Konekte ak yon rezo a Wi-Fi

Nan paj Akèy la, ale nan Paramèt > Wi-Fi.





1. Limen Wi-Fi. Aparèy ou an pral chèche tout rezo Wi-Fi ki disponib otomatik.
2. Ekri non rezo Wi-Fi ou vle jwenn lan.
 - a. Rezo Wi-Fi ki sekirize yo pwoteje ak yon kòd aksè epi genyen  nan non yo. Si se yon rezo sekirize yo pral mande pou ou mete kòd aksè a. Rantre kòd aksè pou rezo Wi-Fi ki sekirize a, epi peze sou "Rantre". Si ou pa kapab peze sou Rantre, kòd aksè ou mete a pa kòrèk.
 - b. Rezo ki kache yo p ap parèt nan lis rezo ki disponib yo, se pou sa ou bezwen konnen non rezo ou ap rantre ladan l lan. Pou rezo ki kache yo ale nan Paramèt > Wi-Fi, epi asire w Wi-Fi a ouvè. Epi peze Lòt.

Aprè ou fin rantre nan yon rezo, ou pral wè  bò kote rezo a epi  nan pati anlè kwen gòch ekran an oswa nan pati anlè kwen dwat nan iPhone X lan ak lòt vèsyon.


Enskri nan Macbook Air: MBAXXXXXX Kòd aksè: aprann (majiskil)



Macbook Air Konekte ak yon rezo a Wi-Fi



Klike  nan ba navigasyon an, epi chwazi yon rezo. Si Wi-Fi a etenn, klike , epi chwazi Limen Wi-Fi.*


Si ou konekte ak yon rezo Wi-Fi piblik, yon fenèt ta dwe parèt ak tèm ak kondisyon pou mande si ou dakò anvan ou kapab konekte. Tout aparèy elèv yo dwe konekte sou non rezo ki mache ak lekòl yo. Ankenn elèv pa dwe konekte nan ankenn rezo "Envite". Rezo sa rezève pou patikilye yo ki rantre lekòl la epi bezwen yon koneksyon Wi-Fi pwovizwa. Si ou konekte ladan li, li pral genyen yon tan limit ki ap mete w deyò, ki p ap bon si w ap teste epi koneksyon an dezaktive.

Konekte ak yon rezo Wi-Fi sekirize

Rezo Wi-Fi ki sekirize yo pwoteje ak yon kòd aksè epi genyen  nan non yo.

1. Klike  nan ba navigasyon an. Si Wi-Fi a etenn, klike , epi chwazi Limen Wi-Fi.*
2. Chwazi yon rezo.
3. Si yon rezo sekirize, rante kòd aksè a, epi klike Rantre. Konekte ak yon rezo Wi-Fi kache

1. Klike  nan ba navigasyon an. Si Wi-Fi a etenn, chwazi , epi chwazi Limen Wi-Fi.*
2. Chwazi Rantre nan Lòt Rezo.
3. Rantre non rezo a. Asire ou rantre non rezo a nan fason kòrèk.
4. Si rezo a sekirize, chwazi tip Sekirite, epi rantre kòd aksè.
5. Klike Rantre.



Sipò Teknik pou Òdinatè Pòtab MacBook Air yo

Si ou genyen pwoblèm teknik ak òdinatè pòtab ou an, tanpri swiv etap sa yo:

1. Redemare òdinatè pòtab la.
2. Si pwoblèm lan ap pèsiste, pote òdinatè pòtab lan nan biwo prensipal la.
3. Depi ou nan biwo a, mande sekretè a pou li mete yon etikèt reparasyon oswa yon fòm pou òdinatè pòtab la, epi eksplike yon fason senp epi klè pwoblèm ou ap fè fas yo, epi kilè pwoblem yo te kòmanse.
4. Si òdinatè pòtab la andomaje, pa aksidan oswa lòt, tanpri enfòmè sekretè sou sa ki pase egzak nan aparèy la, epi mete li nan fòmilè reparasyon an. Nou bezwen enfòmasyon sa pou analize epi rezoud pwoblèm yo ak presizyon. Enfòmasyon ki pa kòrèk kapab fè reparasyon yo pran plis tan akòz yo p ap byen analize l oswa yon reparasyon ki pa kòrèk.
5. Mande sekretè a prete yon aparèy epi kontinye travay ak li jiskaske yo remèt ou aparèy ou an.
6. Selon gravite domaj la, yo kapab aplike kèk obligasyon ak kont etidyan ou an.

Kontak Sipò Teknik

Enfòmasyon

Tanpri vizite paj nou an nan [sit entènèt CCPS](#) nan:
[Lekol Caroline yo - Teknoloji](#)

Sipò imèl: support@ccpsstaff.org

Sipò Telefòn: 410-479-1464